**Конспект ООД: «Дикалла»**

**1алашо:** Берийн дика хила лаам совбаккхар.
**Билгалбаьхна кхиамаш:**
-Берашна "дикалла" бохучу дешан маь1на довзар ду;
-берашна диканан некъ угаре пайдехь хилар гайтар;
-берашна дика хила луурду, вовше болу барт ч1аг1лур бу.

**ООД д1аяхьар**

**Маршалла хаттар**
-Де дика дойла шун ,бераш!
-Диканца дукха дехийла!
-Бераш кху дуьнент1ехь, адамашкахь уггаре ч1ога хила езаш ерг дикалла ю. Дикаллех лаьцна дуккха а байташ а, дийцарш а, кицанаш а ду.
Х1инца суна шуна довзита лаьа вайн хьалкъо дикаллехь лаьцна кхоьллина долу кицанаш. Дикка ладог1а:

**Кицанаш:**
Дикалла-валлалц, хазалла-сарралц.
Дика дечунна дикалла шена, во дечунна волла а шена.
Дика лулахо вешела тоьлу.
Дика ваша — г1ала, вон ваша — бала.
Дика лулахо — тешам, вон лулахо — эшам.
Дикачу дашо лам башийна.
Дикачу амало лех эла вина — вочу амало элах лай вина.
Дикачу хьозанан к1орни бен чохь дека.
Дикачу дашо лам бухбаькккхина.

-Бераш, муха кхета шу кицанех?
-Стенахь лаьцна дуьйцу оцу кицанаша?

-Ас шуна дуьйцар ду "Деган йовхо" ц1е йолу дийцар:
-«Муха стаг хила лаьа хьуна?» – аьлла, динчу хаттарна б1еннаша божабераша дела жоп дага оьхуьйту ас. Майра, ницкъболуш, доьналла, хьекъал долуш. Амма цхьамма а ца элира къинхетаме, дика стаг хила лаьа. Ткъа дикалла х1унда ца х1оттайо вай майралла, доьналла бохучу кхетамца цхьана мог1аре? Дикалла ца хилча – бакъйолу деган йовхо – адаман синхазалла хуьлийла дац. Дика синхаамаш шайн орамашца бераллера схьабог1уш хила беза. Ткъа и хан д1аэккхахь, уьш кхин цкъа а кхиалур бац, х1унда аьлча уьш мехала, дуьххьарлера бакъдерг довзарца цхьаьна булуш хуьлу сих.
Синхааме а, къинхетаме а хила 1амор – иза кхетош-кхиорехь уггаре халаниг ду. Адамалла, дикалла, диканиг хила лаар кхоллало г1айг1анашкахь, сахьийзаршкахь, хазахетаршкахь, сингаттамашкахь. Нагахь бер шен гергарчаьрца, юххерчаьрца, мискачаьрца, цомгашчаьрца, цхьалхачаьрца,

д1атийсинчаьрца, 1ехийнчаьрца хуьлуш дерг бен цахеташ, дог цалозуш кхиахь, цунах цкъа а хир дац бакъ долу адам.
Дика синхаамаш, амалан оьздангалла – иза адамаллин бух бу. Тахана, вуьшта а, тоъал вонаш долчу дуьненахь, вовшашца а, гонахарчу жил1аламца а тарлуш, тидаме, дика хила деза вай, диканна дуьхьа уггаре а майра, тоьлла хьуьнарш гайта деза вай. Адамна уггаре а бог1уш болу цхьаъ бен боцу некъ – иза диканан некъаца вар ду. Адамна шена цхьанна а, доллучу юкъараллина а и некъ пайде а, нийса а, зийна а бу.
**Сада1аран миноташ:**
**«Аьрзу»**
Аьрзу, майра олхазар,
Дагна там беш ду хьан гар.
Лаьмнаш, ареш толлуш лела,
Цунна хаац х1ун ду кхерар.

Аьрзу, аьрзу, ахь тхоь дийца,
Ц1ехьа боьду некъ схьабийца.
Д1а ца долхахь х1инца ц1а,
Тиладелла бераш 1а.

Г1орг1а аз шен декош, аьрзу
Дег1 шен нисдеш тхоьга йоьрзу:
- Сих ма ло, ц1а кхочур ду,
Х1ун дан деза дуьйцур ду:
Баккха хьалха аьтту ког,
Юха баккха аьрру ког.

Ловзадаккха кийрара дог.
Юха - аьтту, т1аккха - аьрру.
Баккха, баккха шуьйра ког.
Аш и нийса кхочушдахь,
Хир ду шу а шайн-шайн ц1ахь.
(Бераша, аьрзун т1емийн хьесапехь куьйгаш д1аса а оьхуьй-туш, байташ т1ехь дуьйцург до.)

**Хаттарш далар:**
-Стенах йозуш ю адаман син хазалла?(Адаман син хазалла дикаллех йозуш ю).
-Маца хир дац берах бакъдолу адам?(Нагахь бер адамашца хуьлуш дерг бен цахеташ, дог цалозуш кхиахь, цунах цкъа а хир дац бакъдолу адам).
-Муьлха бу адамна уггаре а бог1уш болу некъ? (Адамна уггаре бог1уш болу цхьаъ бен боцу некъ – иза диканан некъаца вар ду).
**Рефлекси**
-Стенах лаьцна дийцира вай тахана?

-Шуна муха адам хила лаьа?
-Шуна лаьий нахана диканиг дан?